**SECONDARY EXAMINATION – 2021 (ANNUAL)**

**(Model Set)**

**MAITHILI (MT)**

**(मैथिली)**

**Candidates are required to give their answer in their own words as far as particable**

**परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।**

**Figures in the margin indicate full marks**

**दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।**

| | |
|---|---|
| **समय : 03 घंटे 15 मिनट** | **पूर्णांक : 100** |
| **Time : 03 Hrs 15 Monutes** | **Full Marks : 100** |

***परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–***

***Instructions for the Candidates :-***

1. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
2. दाहिनी ओर हाशिए पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
3. उत्तर लिखते समय परीक्षार्थी यथासंभव शब्द–सीमा का ध्यान रखें।
4. प्रश्न–पत्र पढ़ने के लिए 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
5. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
6. खण्ड–अ में 100 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, सभी प्रश्न अनिवार्य हैं। प्रत्येक के लिए 1 अंक निर्धारित है। इनका उत्तर उपलब्ध कराये गये OMR–शीट में दिये गये सही वृत्त को भरने के लिए काले/नीले बॉल पेन का प्रयोग करें। किसी भी प्रकार के ह्वाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि का उत्तर–पुस्तिका में प्रयोग करना मना है। ऐसा करने पर परीक्षा–परिणाम अमान्य होगा।

7. खण्ड–ब में कुल 6 (छः) विषयनिष्ठ प्रश्न हैं। प्रत्येक प्रश्न के समक्ष अंक निर्धारित हैं।

8. किसी तरह के इलेक्ट्रॉनिक–यंत्र का प्रयोग वर्जित है।

## खण्ड–'अ' (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)

प्रश्न संख्या 01 सँ 100 धरिक प्रत्येक प्रश्नक संग चारि–चारि विकल्प (A, B, C, D) देल गेल अछि, जाहि मे एक सही अछि। सही विकल्प चुनिकय ओ0 एम0 आर0 शीटमे भरू। उक्तमे कोनो **पचास** प्रश्नक उत्तर दिअ। 50x1 =50

1. पाठ्य ग्रंथमे शिव गीतक रचयिता छथि :–

   (A) विद्यापति (B) चन्दा झा

   (C) यात्री (D) मधुप

2. उमाकान्तक रचना अछिः –

   (A) चन्द्रमुखी (B) भोजन

   (C) क्रैक (D) भरि छीपा भात

3. 'जय जवानः जय किसान' क रचयिता छथि –

   (A) दीनानाथ पाठक 'बन्धु' (B) रबीन्द्रनाथ ठाकुर

   (C) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री' (D) तारानन्द 'वियोगी'

4. 'श्रीगणेश करब' केर अर्थ होइछ –

   (A) गणेशक नाम लेब (B) गणेशकँ सोर करब

   (C) कार्यारम्भ करब (D) उक्त तीनू

5. 'आगू नाथ ने पाछू पगहा' केर अर्थ होइछ –

   (A) बिन बान्ह–छान्हक माल–जाल (B) कुटुम्बहीन

   (C) ने आगामे नाथ ने पाछूमे पगहा (D) उक्में सँ कोनो नहि

6. 'सुनू सुनूबहिना, जहिनाछी तहिना' लिखने छथि –

(A) रबीन्द्रनाथ ठाकुर (B) राजकमल चौधरी

(C) मधुप (D) विद्यापति

7. शिवक उपासक कहाइत छथि –

(A) शिव भक्त (B) शिव–पुजारी

(C) शैव (D) ताण्डवकर्त्ता

8. 'देव' क विपरीतार्थक शब्द होइछ –

(A) राक्षस (B) दानव

(C) पापी (D) अधर्मी

9. 'इन्द्र' क पर्यायवाची शब्द थिक –

(A) देवराज (B) सुरेन्द्र

(C) सुरपति (D) उक्त तीनू

10. 'वाचनालय' शब्द संज्ञाक भेदक अंतर्गत अबैछ –

(A) रूढ़ि (B) यौगिक

(C) योगरूढ़ि (D) उक्त मे सँ कोनो नहि

11. 'नदी' शब्द थिक –

(A) तत्सम (B) तद्भव

(C) देशज (D) विदेशज

12. 'लीक छाड़ि तीनू चलय शायर, सिंह, सपूत' कहल गेल अछि –

(A) भीमराव अम्बेदकर लेल (B) गाँधीजी लेल

(C) इन्दिरा गाँधी लेल (D) पं0 नेहरू लेल

13. अवहट्ठ मे विद्यापतिक रचना छनि –

(A) कीर्तिलता (B) कीर्तिपताका

(C) पुरूष परीक्षा (D) (A) आर (B) दुनू

14. 'अहाँक अस्तित्वक .... थिकीहमाँ।' एतए रिक्त स्थानमे होएत –

(A) गरिमा (B) महिमा

(C) करिश्मा (D) तिलस्मी

15. 'प्रवास जीवन' नामक पुस्तकक रचयिता छथि –

(A) डॉ0 लक्ष्मण झा (B) डॉ0 सुभद्र झा

(C) हरिमोहन झा (D) उपेन्द्रनाथ झा 'व्यास'

16. 'ई कलम जकर छैक से लऽ जाउ' मे 'ई' सर्वनामक सूचक थिक –

(A) अन्यपुरूष सर्वनामक (B) निश्चयवाचक सर्वनामक

(C) निजवाचक सर्वनामक (D) सम्बन्धवाचक सर्वनामक

17. 'कारक' क भेद होइछ –

(A) तीन (B) चारि

(C) छओ (D) आठ

18. विद्यापति सर्वाधिक प्रभावित रहथि –

(A) जयदेवसँ (B) रामानुजाचार्यसँ

(C) बल्लभाचार्यसँ (D) कालीदाससँ

19. मान्यता छलैक एक गाछ लगैलासँ ..... पुत्र होयबाक पुण्य होइछ – एतए रिक्त स्थानमे होएत –

(A) दस (B) बीस

(C) पचास (D) एक सए

20. साहित्य अकादेमीसँ पुरस्कृत छथि –

(A) यात्री (B) मधुप

(C) लिलीरे (D) उक्त तीनू

21. 'कमलनयन' शब्द समासक अन्तर्गत अबैछ –

(A) तत्पुरूष समास (B) कर्मधारय समास

(C) द्विगु समास (D) बहुब्रीहि समास

22. जकरा संतान नहि होइक कहाइत अछि –

(A) संतानहीन (B) बाँझ

(C) निःसंतान (D) एहिमे तीनू

23. 'क्रैक' कथा थिक –

(A) रिक्सा चालकक (B) टेम्पू चालकक

(C) जीप चालकक (D) उक्त तीनू वाहन चालकक

24. मनुष्य लेल सर्वाधिक उपयोगी गैस होइछ –

(A) ऑक्सीजन (B) नाइट्रोजन

(C) कार्बनडॉयऑक्साइड (D) उक्त तीनू गैसक मिश्रण

25. 'बहिगेल कमला बलानहे' पाँती अछि –

(A) 'ह' आब मेल वर्षा मे (B) 'समय–साल' मे

(C) 'भावि भरदुतिया विधान हे' मे (D) 'रौदी' मे

26. 'शिक्षक' शब्दक स्त्रीलिंग रूप होइछ –

(A) शिक्षिका (B) शिक्षका

(C) शिक्षीका (D) शिक्षकी

27. भारतीय राष्ट्रीय काँग्रेसक प्रथम अध्यक्ष बनलाह –

(A) डब्ल्यू0 सी0 बनर्जी (B) जवाहर लाल नेहरू

(C) नेताजी सुभाषचन्द्र बोस (D) सुरेन्द्रनाथ बनर्जी

28. 'निरधन जन बोलि सबे उपहासय' पाँती अछि –

(A) 'समय साल' शीर्षकक (B) 'शिव गीत' शीर्षकक

(C) 'बच्चा' शीर्षकक (D) 'माँ' शीर्षकक

29. 'सरोज' शब्दक सन्धि विच्छेद उदाहरण थिक –

(A) स्वर सन्धिक (B) व्यंजन सन्धिक

(C) विसर्ग सन्धिक (D) अयादि सन्धिक

30. 'दिगम्बर' शब्दक सन्धि विच्छेद होइछ –

(A) दिक् + अम्बर (B) दिग् + अम्बर

(C) दिगम् + वर (D) दि + गम्बर

31. 'क' आ 'ख' वर्णक उच्चारण होइछ –

(A) कण्ठसँ (B) तालुसँ

(C) दंतसँ (D) ओष्ठसँ

32. 'मोहन गाम आयल छलाह' उदाहरण थिक –

(A) भूतकालक (B) वर्तमान कालक

(C) भविष्यत् कालक (D) उक्तमे कोनो नहि

33. विद्यापतिक संस्कृतमे प्रमुख कीर्ति छनि –

(A) वर्षकृत्य (B) दुर्गाभक्ति तरंगिणी

(C) दानवाक्यावली (D) उक्त तीनू

34. तारानन्द 'वियोगी' लिखैत छथि –

(A) कविता (B) लघुकथा

(C) संस्मरण (D) उक्त तीनू

35. 'जुड़ा जयतनि ......... मोन प्राण।' एतए रिक्त स्थानमे होएत –

(A) पृथ्वीक (धरतीक) (B) आकाशक

(C) पातालक (D) मेधक

36. 'त्रिभाषा सिद्धान्तक' अन्तर्गत भाषा अबैछ –

(A) मातृभाषा (B) राष्ट्रभाषा

(C) विश्वक कोनो एक भाषा (D) उक्त तीनू भाषा

37. 'राजा सलहेसक' रचयिता छथि –

(A) महेन्द्र मलंगिया (B) भोला लाल दास

(C) अशोक (D) विभारानी

38. 'भरि छीपा भात' कथाक रचयिता छथि –

(A) अशोक (B) महेन्द्र मलंगिया

(C) विभारानी (D) लिली रे

39. 'अंगरेज भारत छोड़ू' क नारा देल गेल '

(A) 1940 ई0 मे (B) 1942 ई0 मे

(C) 1947 ई0 मे (D) 1948 ई0 मे

40. अम्बेदकर कँ मंत्रिमंडल सँ त्याग पत्र देबाक कारण छल –

(A) हिन्दू कोड बिल के अस्वीकृति (B) अस्वस्थ रहलाक कारणें

(C) 1952 ई0 मे लोक सभा मे पराजय (D) राज्य सभाक सदस्य होयब

41. लिलीरे क 'रंगीन परदां' साहित्यक विधाक अन्तर्गत अबैछ –

(A) कथा (B) उपन्यास

(C) निबंध (D) यात्रा वृत्तांत

42. नैतिकता आ कर्त्तव्य बोधक शिक्षा भेटैत अछि –

(A) 'भोजन' शीर्षक सँ (B) 'क्रैक' शीर्षक सँ

(C) 'भरि छीपा भात' शीर्षक सँ (D) 'चन्द्रमुखी' शीर्षक सँ

43. 'उगनाक दयाद वाद क रययिता छथि –

(A) राजमोहन झा (B) उमाकान्त

(C) रत्नेश्वर मिश्र (D) सुरेन्द्र झा 'सुमन'

44. किछु व्यक्ति आबि रहल छथि मे 'किछु' उदाहरण थिक –

(A) निश्चयवाचक विशेषणक (B) अनिश्चयवाचक विशेषणक

(C) परिमाणवाचक विशेषणक (D) संख्यावाचक विशेषणक

45. 'जय जय हो आइ किसान' केर पाँती अछि –

(A) 'बच्चा' शीर्षकक (B) 'माँ' शीर्षकक

(C) 'वन्दना' शीर्षकक (D) 'जय जवानः जय किसान' शीर्षकक

46. महादेवक वैवाहिक जीवनक गीत कँ कहल जाइछ –

(A) नचारी (B) महेसबानी

(C) प्रेम विषयक गीत (D) व्यवहार गीत

47. 'साहित्य अकादेमी' सँ पुरस्कृत छथि –

(A) भोला लाल दास (B) रामलोचन शरण

(C) लिली रे (D) रत्नेश्वर मिश्र

48. उपन्यास जकरा साहित्य अकादेमी पुरस्कृत कयने अछि –

(A) मरीचिका (B) बलचनमा

(C) पारो (D) नवतुरिया

49. माँगन खबासक ई ......... बेस लोक प्रिय भेल – 'बाजूबन्द खुलि–खुलि जाय' – एतए रिक्त स्थानमे होएत –

(A) ठुमरी (B) खयाल

(C) ध्रुपद (D) दादर

50. 'नातिक पत्रक उत्तर' पोथी छनि –

(A) डॉ0 सुभद्र झाक (B) डॉ0 लक्ष्मण झाक

(C) डॉ0 रामदेव झाक (D) डॉ0 भीमनाथ झाक

51. विद्यापति राजपण्डित बनलाह –

(A) भवसिंहक समयमे (B) हरिसिंहक समयमे

(C) कीर्तिसिंहक समयमे (D) शिवसिंहक समयमे

52. 'गलतीनामा' निबंध–संग्रहक रचयिता छथि –

(A) भोला लाल दास (B) रामलोचन शरण

(C) राजमोहन झा (D) अशोक

53. 'अंक' शब्दक अर्थ होइछ –

(A) अध्याय (B) कोरा

(C) संख्या (D) उक्त तीनू

54. 'अमरेन्द्र' शब्दक सन्धि विच्छेद होइछ –

(A) अमर + एन्द्र (B) अम + रेन्द्र

(C) अ + मरेन्द्र (D) अमर + इन्द्र

55. 'अलंकारक कोनहुटा छटा, छूबिनहिपबैछ' ई पाँती अछि –

(A) 'वन्दना' शीर्षकक (B) 'ह' आब भेल वर्षा' शीर्षकक

(C) ''माँ' शीर्षकक (D) 'रौदी अछि' शीर्षकक

56. यदि वायुमंडल मे ……… नहि रहतैक तँ मनुष्यो नहि रहत। एतए रिक्त स्थानमें होएत –

(A) नाइट्रोजन (B) कार्बन डाइऑक्साइड

(C) ऑक्सीजन (D) वाष्पकण

57. भोला लाल दासक प्रमुख रचना अछि –

(A) व्याकरण प्रबोध (B) सुबोध व्याकरण

(C) सरल व्याकरण (D) उक्त तीनू व्याकरण

58. जैनक अंतिम तीर्थंकर महावीर स्वामी उत्पन्न भेल रहथि –

(A) कुशी नगरमे (B) वैशालीमे

(C) जनकपुरमे (D) लौरियामे

59. अशोकक लाट (स्तम्भ) आइयो विद्यमान अछि –

(A) मुजफ्फरपुरमे (B) लौरियामे

(C) कुशीनगरमे (D) वैशालीमे

60. 'राम घर जाइत छथि' – उदाहरण अछि –

(A) वर्तमान कालक (B) भूतकालक

(C) भविष्यत् कालक (D) उक्तमें सँ कोनो नहि

61. सर्वनामक भेद होइछ –

(A) दू (B) तीन

(C) पाँच (D) छओ

62. यात्री लिखैत छथि –

(A) कविता (B) कथा

(C) उपन्यास (D) उक्त तीनू

63. 'विनोद' उपनामे ख्यात छथि –

(A) रबीन्द्र नाथ ठाकुर (B) बुद्धिनाथ मिश्र

(C) उदय चन्द्र झा (D) विद्यानाथ झा

64. 'बंग–भंग' आन्दोलन भेल रहय –

(A) 1905 ई0 मे (B) 1906 ई0 मे

(C) 1907 ई0 मे (D) 1908 ई0 मे

65. राजर्षि मिथि द्वारा स्थापित जनपद छल –

(A) मिथिला जनपद (B) काठमाण्डू जनपद

(C) वैशाली जनपद (D) जनकपुर जनपद

66. 'विभूति' शब्दक अर्थ होइछ –

(A) सम्पत्ति (B) वैभव

(C) गौरव (D) उक्त तीनू

67. 'घर दही त' बाहरो दही' केर अर्थ होइत अछि –

(A) दही खयनिहार कँ घर–बाहर सब ठाम दही भेटैछ

(B) घर मान त बाहरो मान

(C) घर मे दही खायब त बाहरो दही भेटत

(D) घर–बाहर सभ ठाम दहिए दही

68. 'पाथर' शब्द शब्द–भेदक अन्तर्गत अबैछ

(A) तत्सम (B) तद्भव

(C) देशज (D) विदेशज

69. जीवाक लेल पहिल आवश्यक वस्तु थिक –

(A) हवा (B) पानि

(C) आगि (D) अन्न

70. लिली रेक मैथिली कथा–साहित्य मे चर्चित अछि –

(A) मरीचिका (B) रंगीन पर्दा

(C) पटाक्षेप (D) उपसंहार

71. राजमोहन झा एम्0 ए0 पास कयने रहथि –

(A) समाजशास्त्रमे (B) अर्थशास्त्रमे

(C) मनोविज्ञानमे (D) दर्शनशास्त्रमे

72. याज्ञवल्क्य छलाह

(A) राजनीतिक चिंतक (B) दार्शनिक

(C) विधिकर्त्ता (D) उक्त तीनू

73. राजमोहन झा लिखित 'एकटा तेसर' संग्रह अछि –

(A) कविताक (B) कथाक

(C) निबंधक (D) समीक्षाक

74. 'संग्रह–हस्तक्षेप' सँ लेल गेल कविता अछि –

(A) माँ (B) बच्चा

(C) हाथ (D) कर्मवीर

75. 'हँसब' शब्दक विशेषण होइछ –

(A) हँसित (B) हँसौढ़

(C) हंसमुख (D) उक्त तीनू

76. 'तीन रानी' विशेषणक भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) गुणवाचक विशेषण (B) संख्यावाचक विशेषण

(C) निश्चयवाचक विशेषण (D) परिमाणवाचक विशेषण

77. 'महेन्द्र' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ–

(A) मह + एन्द्र (B) महे + इन्द्र

(C) महा + इन्द्र (D) महा + ईन्द्र

78. डॉ0 लक्ष्मण झाक जन्मस्थान छलनि –

(A) शतलखा (B) कसरौर

(C) रसियारी (D) महिषी

79. 'अट्टा–पट्टा चन्द्रमुखी दाइकँ पाँच टा बेटा' पाँती अछि –

(A) 'भोजन' शीर्षकक (B) 'पर्यावरण' शीर्षकक

(C) 'भरि छीपा भात' शीर्षकक (D) 'चन्द्रमुखी' शीर्षकक

80. सिपाही विद्रोह भेल रहय –

(A) 1855 ई0 मे (B) 1856 ई0 मे

(C) 1857 ई0 मे (D) 1858 ई0 मे

81. 'आमक घोडुछा' उदाहरण थिक –

(A) जातिवाचक संज्ञाक (B) व्यक्तिवाचक संज्ञाक

(C) समूहवाचक संज्ञाक (D) भाववाचक संज्ञाक

82. 'लघु' शब्दक विपरीतार्थक शब्द होइछ –

(A) वृहद् (B) छोट

(C) पैद्य (D) दीर्घ

83. 'सरस्वती' शब्दक पर्यायवाची अछि –

(A) भारती (B) शारदा

(C) वाणी (D) उक्त तीनू

84. 'जकर अनुभव इन्द्रिय द्वारा नहि हो' कहाइत अछि –

(A) अगोचर (B) गोचर

(C) अतीन्द्रिय (D) (A) आ (B) दुनू

85. डॉ0 भीमराव अंबेदकर गवर्नमेंट कॉलेजक प्रिंसिपल रहलनि –

(A) एक वर्ष धरि (B) दू वर्ष धरि

(C) तीन वर्ष धरि (D) चारि वर्ष धरि

86. उमाकान्त द्वारा रचित नाटक अछि –

(A) सीता (B) बाबाक विजया

(C) अर्पण (D) अपन बात

87. 'रमेन्द्र' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ–

(A) रम + इन्द्र (B) रमा + इन्द्र

(C) रम + ईन्द्र (D) रम + एन्द्र

88. जे व्याख्यान करैत अछि, कहाइत अछि –

(A) आख्याता (B) व्याख्याता

(C) प्रवक्ता (D) प्रस्तुति कर्त्ता

89. मेरठक सैनिक छाबनीमे गोली चलौनिहार छलाह –

(A) चन्द्रशेखर आजाद (B) मंगल पाण्डे

(C) अशफाकउल्ला खाँ (D) भगत सिंह

90. गाँधी जी चम्पारण आयल रहथि –

(A) राजकुमार शुक्लक आग्रह पर

(B) रामकुमार शुक्लक आग्रह पर

(C) संतोष कुमार शुक्लक आग्रह पर

(D) राजेश कुमार शुक्लक आग्रह पर

91. परिवारक मोह मायासँ मुक्त छलाह –

(A) लक्ष्मण झा (B) माँगन खबास

(C) सुभद्र झा (D) चन्दा झा

92. 'ज्ञान' क विशेषण होइछ –

(A) ज्ञानी (B) ज्ञानवान

(C) ज्ञेय (D) उक्त तीनू

93. 'ट' 'ठ' वर्णक उच्चारण स्थान थिक –

(A) दन्त (B) ओष्ठ

(C) मूर्द्धा (D) तालु

94. संघ आ राज्यक बीच शक्तिक विभाजन सन व्यवस्था लेल गेल

(A) अमेरिकाक संविधान सँ (B) फ्रांसक संविधान सँ

(C) कनाडाक संविधान सँ (D) ब्रिटेनक संविधान सँ

95. चन्दाझा शैव रहितहुँ रामक नामक गुणगान प्रमुखतासँ कयलनि –

(A) चन्द्र रचनावली मे (B) चन्द्र पद्यावली मे

(C) मिथिला भाषा रामयण मे (D) विभिन्न मुक्तक मे

96. राधा–कृष्णसँ संबंधित गीत भेटैत अछि –

(A) विद्यापतिक 'लिखनावली' मे (B) 'पुरूष' परीक्षा मे

(C) 'विभाग सार' मे (D) 'विद्यापति पदावली' मे

97. सुभद्र झाक प्रथम गुरू छलथिन –

(A) पं0 बलदेव झा (B) छेदी लाल

(C) डॉ0 ए0 बनर्जी (D) सुनीति कुमार चटर्जी

98. माँगन खबास कँ स्वर्णपदक देल गेल रहनि

(A) 1931 ई0 मे (B) 1932 ई0 मे

(C) 1933 ई0 मे (D) 1934 ई0 मे

99. 'जाहि भूमिक कविक अपरूप कंठमे कोकिल बसल हो' पाँती अछि –

(A) 'वन्दना' क (B) 'बच्चा' क

(C) 'ह' आब मेल वर्षा' क (D) 'जय जवानः जय किसान' क

100. पंचानन (महादेव) शब्द समास भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) द्विगु (B) द्वन्द्व

(C) बहुब्रीहि (D) कर्मधारय

## खण्ड – ब (विषयनिष्ठ प्रश्न)

1. निम्नलिखितमे कोनो एक विषय पर निबंध लिखू :

(लगभग 250 – 300 शब्दमें) **10 x 1 = 10**

(A) अनुशासन (B) प्रजातंत्र

(C) बाढ़ि (D) सह शिक्षा

(E) रेडियो

2. निम्नलिखितमे कोनो एक प्रश्नक उत्तर दिअ : **7 x 1 = 7**

(A) महामारी से बचबा लेल सामान्य उपाय बतबैत छोट भाएकेँ पत्र लिखूं।

(B) तीन दिनक छुट्टी वास्ते प्रधानाध्यापकसँ निवेदन करू।

**3.** निम्नलिखितमे कोनो **दू** उद्धरणक संक्षेपण, शीर्षक दैत करू : **4 x 2 = 8**

(A) सौभाग्यसँ आइ हमरा सभकेँ अपन देशक स्वरूप–निर्माण करबाक अवसर प्राप्त भेल अछि। जँ एखन हम अपन उत्तरदायित्व नहि बूझी तँ हमर ई अक्षम्य अपराध होयत। सम्प्रति जे भारतक सामाजिक तथा राजनीतिक परिस्थितिक अध्ययन करताह तनिका स्पष्ट देखि पड़तनि जे पाश्चात्य देशक भैतिकवादक भित्ति पर निर्मित सिद्धान्त सभक बाढ़ि सँ ई पवित्र देश इतस्ततः ध्वस्त भय रहल अछि। एहि हेतु आवश्यक छैक जे प्राचीन भारतीय साहित्य सभक अध्ययन करबाक सभ प्रकारक सुविधा कयल जाय।

(B) डॉ0 अमरनाथ झाक उन्नतिक साधन हुनक अलौकिक कार्यक्षमता एवं सुदृढ़ संकल्प शक्ति छलनि। जे कार्य आरम्भ करैत छलाह ओकरा बिनु समाप्त कयने हिनका शान्ति नहि होइत छलनि। आजुक काज काल्हि पर राखब हिनका अबितहि नहि छलनि। आलस्यक गन्धों नहि छलनि। समय केहन मूल्यवान वस्तु थिक ओ तकर उपयोग कोना करी, ई हिनका जीवन क आदर्श छल। हमरा लोकनि वास्ते हिनक जीवनक आदति अनुकरणीय थिक।

(C) पंजीप्रबंधमे मिथिलाक सामाजिक इतिहास जे अमूल्य उपादान सुरक्षित अछि तकर तुलना अन्यत्र प्रायः भेटत। परम निष्ठापूर्वक जे एकर रक्षा कयलनि अछि तनिका प्रति देशक इतिहासकार कृतज्ञ रहथिन। इतिहासकारो लोकनि अनेक तथ्य पंजीप्रबंधसँ संकलित कयलनि अछि। पंजीक सहायतासँ गंगेश उपाध्यायक परिचय ओ प्रादुर्भावकाल निःसंदेह निर्णीत भेल अछि। मिथिलाक सामाजिक व्यवहारकैँ छोड़ि आनो क्षेत्रमे एकर उपयोग सीमातीत अछि। मिथिलामे अखनो एकर महत्त्व पूर्वहि जकाँ छैक कनेको न्यून नहि भ सकल अछि, गोटेक अपवाद छोड़ि।

(D) जनक राजवंशक सर्वाधिक प्रसिद्ध राजा भेलाह रामायण कालीन सीरध्वज जनक। सीता हिनके पुत्री छलथिन जनिक विवाह दशरथक प्रथम पुत्र रामक संग भेल छलनि। हिनक राज व्यवस्था भारतेक इतिहास मे नहि, सम्पूर्ण विश्वक इतिहास मे जाज्वल्यमान ज्योति पुँज जकॉ चमकैत अछि। हुनकालोकनिक समयमे राजतंत्रक जे आदर्शरूप उपस्थित भेल तकर उदाहरण कतहु दोसर ठाम भेटब दुर्लभ अछि। हिनका लोकनि सब विद्वान्, आध्यात्मवादी, ब्रह्मज्ञानी ओ संसारक बंधनसँ मुक्त विभूतिकैँ पाबि मिथिलेक भूमिटा नहि, सम्पूर्ण आर्यावर्त्त गौरवान्वित अछि। हिनके लोकनिक देल मार्ग पर चलैत मिथिला अदौसँ भारतीय ज्ञान–विज्ञान, दर्शन ओ सांस्कृतिक गतिविधिक केन्द्रक रूप में अपन सत्ता प्रतिष्ठापित कयने अछि।

4. निम्नलिखितमे कोनो **एक** टाक आशय लिखू : **5 x 1 = 5**

(A) "जीवाक लेल जगत लेल
आवश्यक होइछ बच्चा
वर्तमान होइछ–भविष्य होइछ

जीवनक अर्थ होइछ बच्चा''

(B) त्रिभाषा सिद्धान्त एतबा स्पष्ट कयने अछि एहि सँ कोनो समाधानो नहि देखि पड़ैछ जे निम्नवर्गसँ किछु दूर उपर धरि शिक्षाक माध्यम छात्र वर्गक मातृभाषा हो, यदि एहि मे किछु साहित्य पाओल जाय आ साहित्य सर्जनाक शक्तियो वर्तमान रहैक।

5. निम्नलिखित लघूत्तरीयमे कोनो **पाँच** प्रश्नक उत्तर दिअ : **2 x 5 = 10**

(i) आब नदीक पानि अशुद्ध किएक मानल जाइत अछि ?

(ii) मनुक्ख आ जीव जन्तु कँ गाछ–वृक्षसँ अन्योन्याश्रय संबंध छैक, कोना?

(iii) जैन आ बौद्ध धर्म मिथिलाक पश्चिमीय तट पर विकसित भेल, किएक?

(iv) रौदी ककरा कहैत छी? लिखू।

(v) कर्मवीरसँ अहाँ की बुझैत छी? लिखू।

(vi) कवि जवानक जयकारा करैत छथि, किएक?

(vii) 'क्रैक' नाम किएक राखल गेल छल ?

(viii) चन्दाझा ठाढ़ी जाय बसिगेलाह, किएक ?

(ix) भरदुतिया मे नौतबाक की विधान अछि ?

(x) हिन्दीक समस्या पर भोलालाल दासक विचार स्पष्ट करू।

6. निम्नलिखित दीर्घ उत्तरीय प्रश्नमे कोनो **दू** प्रश्नक उत्तर दिअ : **2 x 5 = 10**

(i) 'हाथ' शीर्षक कविताक भावार्थ लिखू।

(ii) डॉ0 सुभद्र झाक व्यक्तित्वक वर्णन करू।

(iii) स्वतंत्रता आन्दोलनमे महात्मा गाँधी कोन तरहें योगदान कयलनि, लिखू।

(iv) ममताक चरित्र–चित्रण करू।